

## Deklarasyon Enpak Ekite pou Pwopozisyon ak Prezantasyon Komite Skolè a

Tit la : Lekòl Holmes Elementary School

Dat la : 1ye jen, 2022

Èske n te itilize [Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal la \(REPT a\)](#) ?  Wi  Non

Si repons lan se wi, mete dat (divès dat) reyinyon REPT yo ak lyen an pou REPT konplete a isit :

Èske yon manm Divizyon Ekite, Strateji, ak Redikasyon Mankman nan Opòtinite a te revize deklarasyon sa a ?  Wi  Non

Seksyon Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal BPS la	Rezime/Rezònmman
<p><b>1. Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak</b> <i>Ki rezilta pwopozisyon an/efò a dezire jwenn, pami yo eliminasyon disparite (dekalaj) ? Kilès ki t ap dirije travay sa a/planifikasyon sa a, e èske yo reflete idantite elèv ak fanmi Lekòl Piblik Boston yo (kèk gwoup kle enkli moun nwa, latinx, azyatik, ameriken endijèn/endyen, imigran, moun miltileng (ki pale plizyè lang), epi ki genyen kèk eksperyans Edikasyon Spesyal) ?</i></p>	<p>Lekòl Holmes Elementary School ta renmen renouvle plan inovasyon nou an pou n kontinye travay ak efò nou te kòmanse a lòske nou te lanse li. Konsa, nou espere akonpli vizyon nou : <i>Lekòl Oliver Wendell Holmes (EL) Innovation School's anvizyon</i> yon lekòl k ap kreye divès sitwayen global responsab. Nou envesti nou e asime tout responsabilite pou rannman akademik TOUT elèv nou yo, e nou efòse n pou n devlope divès filozòf ki kapab rezone nan yon fason kritik nan kominote skolè nou an e odela. Nan lekòl nou an elèv yo ap gen kapasite pou yo dirije pwòp pakou aprantisaj pa yo pou siksè.</p> <p>Konsèy Administrasyon lekòl nou an te ede planifikasyon travay sa a ni an 2015 e ankò nan moman sa a. Konsèy nou an konpoze de divès manm pèsònèl, fanmi, ak manm kominotè ki reflete divèsite lekòl nou an, etandone ke 80% nan manm nou yo se moun koulè yo ye.</p>
<p><b>2. Amoni ak Plan Stratejik la</b> <i>Se kòman pwopozisyon an/efò a aliye avèk plan stratejik distri a ?</i></p>	<p style="text-align: center;"><b><u>Kèk nan rannman dezire Plan Inovasyon an enkli :</u></b></p> <p><b>Founisman divès opòtinite pou aprantisaj ki chita sou baz pwojè kapab fèt</b> Lekòl Holmes arive kreye yon <a href="#">prijorite</a> nan tout lekòl la ki anglobe nan konsèp suivan an : Konsewa divès tach ak pwodui ki konekte divès nòm akademik avèk divès pwoblèm mond reyèl la, divès kontwovès, ak pèp lokal la. Distri a te pataje objektif suivan an : <i>3,1 Angaje vwa jèn yo nan desizyon k ap fèt yo ak nan lidèchip atan e transparan, nan fason nou eksplwate BSAC, Kabine Lajenès Sipèntandan an, gwoup disiksyon yo, ak divès lòt fowòm ki òganize pou bay elèv Lekòl Piblik Boston yon vwa (yon dizon).</i> Atravè divès opòtinite PBL nou yo, elèv yo gen opòtinite pou yo fòmile sijè yo e dirije aprantisaj yo.</p> <p><b>Elaji devlopman pwofesyonèl pou ogmante rannman ak aprantisaj pou manm pèsònèl yo</b> Manm pèsònèl lekòl Holmes angaje nan devlopman pwofesyonèl chak semèn ki pèmèt manm pèsònèl yo (pwofesè sal de klas, asistan edikatè, ak lòt manm pèsònèl oksilyè) angaje yo nan aprantisaj ki pouse pratik yo ak divès abilte yo nan ansèyman. Plan Stratejik la dekri yon konsantrasyon pou n :</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- <i>2.2 Soutni e konseye edikatè yo pou yo bay bonjan kalite opòtinite nan aprantisaj enklisif siperyè pou asire ke nou byen sèvi elèv ki gen andikap yo nan anviwònman edikasyon jeneral la.</i></li> <li>- <i>3.1 Angaje vwa jèn yo nan priz desizyon yo ak lidèchip atan e transparan, nan fason nou eksplwate BSAC, Kabine Lajenès Sipèntandan an, gwoup disiksyon yo, ak divès lòt fowòm ki òganize pou bay elèv Lekòl Piblik Boston yon vwa (yon dizon).</i></li> </ul>

Isit, lekòl Holmes kapab founi opòtinite sa yo nan fason l founi divès kòmantè relatif ki koresponn a objektif ak bezwen manm pèsònèl nou yo.

**Devni yon lekòl enklizyon okonplè pou elimine decheyans (privasyon) ak separasyon elèv yo** Lekòl Holmes sèvi anviwon 265 elèv e 30% elèv yo gen yon IEP (Plan Edikasyon Pèsonalize), kote ke plizyè nan yo gen divès defisyans emosyonèl. Plan Stratejik Lekòl Piblik Boston an (BPS) deklare ke : « *Elèv nwa ak latinx konpoze 76% nan enskripsyon Lekòl Piblik Boston (BPS). Istorikman, ti gason nwa ak ti gason latino, Elèv k ap Aprann Angle, ak elèv ki genyen andikap, ekskli nan aksè travay skolè egzijan ak nan divès anviwònman edikasyon jeneral enklisif, nan yon fason ki dispwopòsyone.* » Etandone ke ansyen klas sou-separe nou an te prèske 95% ti gason nwa e latinx, sa te patikilyèman enpòtan. Epitou, Plan Stratejik la dekri yon pwèn fokal pou- 2,2 *Soutni e antrene edikatè yo pou yo bay bonjan kalite opòtinite aprantisaj enklisif siperyè pou asire ke nou byen sèvi elèv ki gen andikap yo nan anviwònman edikasyon jeneral la.* Alega toude, efò nou pou n founi divès opòtinite enklizyon pou tout elèv nou yo aliyen dirèkteman avèk efò pa distri a.

**Ekspansyon nan lekòl nou an pou l sèvi klas 6yèm ane** Youn nan divès demand ak bezwen ke fanmi ak manm pèsònèl yo idantifye, se sa ki rive elèv yo infwa ke yo kite lekòl Holmes. Etandone nou kapab founi divès opòtinite enklizyon bay elèv nou yo, gen moun ki krent ke elèv nou yo ap kite e y ap retounen nan anviwònman sal de klas eksklizyon yo pa fòs akòz modèl lekòl sila yo ke yo ta arive ale ladan yo. Nan founisman ekspansyon sa a, nou founi yon meyè pakou pou elèv yo kapab reyisi, e sa aliyen avèk konsantrasyon distri a pou li  
*4,4 Fè ase pwogrè avèk plan BuildBPS la pou kreye divès espas aprantisaj ekitab, 21yèm syèk, sekirite e ankourajan, e asire divès pakou ak koneksyon ekitab ant lekòl yo.*

**Itilizasyon Divès Otonomi :**

**Pwogram Etid, Ansèyman, ak Evalyasyon-** Kominote skolè a genyen «otonomi pou l chwazi pou l pa patisipe nan divès inisyativ pwogram etid distri a si toutfw nou gen yon altènatif epwouve ki chita sou baz evidans.» Etandone ke nou arive chanje pratik nou yo pandan ane ki pase yo, nou aliyen nou plis avèk pwogram etid distri a. Sepandan, nou gen opòtinite pou n ajiste e siplemante pwogram etid yo kote sa nesèsè. *(1,3 Ranfòse e etabli patenarya avèk divès edikatè pou revize pwogram etid la pou teni kont prejije ak pètinans kiltirèl e lengwistik, pou asire ke acha nouvo yo kiltirèlman e lengwistikman pètinan.)*

**Orè ak Kalandriye Lekòl la-** Nan moman sa a, orè nou se 9:30am jiska 4:20pm avèk yon demi jounen chak jedi, kote nou lage a 12:20pm.

**Manm pèsònèl yo-** Nou ta renmen gen otonomi nan afè anbochaj pou n anplwaye divès spesyalis aprantisaj, ki pwofesyonèl ki gen yon degre Bachelor nan edikasyon, e ki stratejikman apiye ansèyman ak aprantisaj nan sal de klas enklizyon yo, epitou nou ta renmen mete pwofesè ki nan klas sou-separe yo nan sal de klas enklisif pou founi plis sipò ak diferansyasyon pou elèv ki gen divès bezwen espesyal. Sa ta finalman abouti a demantèlman pwogram sou-separe a nan lekòl Holmes pou asire

	<p>ekite pou tout elèv. (5,3 Soutni e kenbe lidè lekòl yo responsab pou kreyasyon divès kominote skolè ki enklisif, ki soutni kilti ak lang elèv yo, ki bay rannman siperyè, epi ki eksplwate lidèchip pwofesè yo.)</p> <p>Tout objektif sa yo ak rezilta sa yo aliye avèk vizyon ak mizyon distri a.</p>
<p><b>3. Analiz Done yo</b>  <i>Ki done ki te analize ? Èske yo te dezagrege (separe) selon ras ak selon lòt gwoup kle ? Ki sa yo te montre konsènan disparite yo ?</i></p>	<p>Divès pwen <a href="#">done</a> nou itilize yo enkli :</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- Divès Done Lekti evalyasyon MAP la</li> <li>- Prezans</li> <li>- Divès Done Sondaj Klima a</li> <li>- To Disiplin yo</li> </ul>
<p><b>4. Angajman Pati Enterese yo</b>  <i>Kilès ki te angaje (kantite, gwoup kle yo, ak wòl yo) ak kòman, e kisa sa te pwodui ? Ki sa elèv/fanmi ki sibi plis enpak pwopozisyon sa a/efò sa a te di ?</i></p>	<p>Kò priz desizyon prensipal la se Konsèy Administrasyon lekòl la, ki enkli :</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- 5 manm fanmi</li> <li>- 4 manm kominotè</li> <li>- 8 manm pèsònèl</li> </ul> <p>Epitou, fanmi yo gen opòtinite pou yo bay kòmantè yo pandan reyinyon Konsèy Paran yo. Fanmi yo vle asire ke elèv yo an sekirite e ke yo gen divès opòtinite pou yo ekri.</p> <p>Konsèy Elèv la- konpoze de elèv klas 4yèm ak 5yèm ane ki te resevwa vòt kamarad yo pou yo fonksyone nan pòs sa yo. Elèv yo pataje enkyetid yo genyen konsènan prezans manm pèsònèl yo e konsènan rechèch plizyè fason pou angaje elèv yo nan klas</p> <p>Finalman, Ekip Lidèchip Ansèyman an reyini chak de (2) semèn pou analize divès done. Yo ede fòmile divès pwèn fokal devlopman pwofesyonèl nou yo ak priyorite lekòl la chak ane, ke ou kapab wè <a href="#">nan lyen sa a</a>.</p>
<p><b>5. Strateji Ekite Rasyal</b>  <i>Se kòman pwopozisyon sa a/efò sa a rezoud disparite yo (dekalaj yo) epi ogmante ekite rasyal ak lòt tip ekite ? Ki konsekans inatandi (enprevi) ki posib ? Ki strateji konplèmanchèman te kapab avanse ekite a pou l rive pi lwen ?</i></p>	<p>Avèk enplemantasyon divès objektif ki nan Plan Inovasyon an, nou diminye disparite (dekalaj) ant elèv ki gen andikap yo, patikilyèman elèv sila yo ki te nan sal de klas ki te konplètman apa.</p> <p><b>Akoz chanjman ki gen nan enklizyon okonplè, arive gen :</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- Yon degrengole apik e ekstrèm nan referans/rapò ensidan elèv pou popilasyon sa a.</li> <li>- Yon ogmantasyon nan rannman skolè yo (pi gwo nòt nan Matematik Pwovizwa 1 te sot pami 2 elèv sila yo ki te fòmèlman nan yo klas sou-separe</li> </ul> <p><b>Akoz ogmantasyon orè devlopman pwofesyonèl nou yo (PD), nou te arive kapab :</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- Ogmante konsantrasyon nou sou travay ekite yo ak divès enplikasyon l genyen parapò a ansèyman</li> <li>- Ogmante efikasite Aprantisaj nou ki Chita sou Baz Divès Pwojè</li> <li>- Kòmanse travay nou sou Alfabetizasyon Ekitab e aliye divès pwogram etid, e akeyi nouvo manm pèsònèl avan atant enplemantasyon ane pwochèn nan</li> </ul>
<p><b>6 Bidjè ak Enplemantasyon</b>  <i>Ki sa ki enpak bidjè yo ? Se kòman enplemantasyon an ap asire ke n ap atenn tout objektif yo, patikilyèman objektif sila yo ki anrapò ak ekite ? Ki divès idantite gwoup ki</i></p>	<p>Pa gen okenn enplikasyon bidjetè pou enplemantasyon plan an, apa de :</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- Opòtinite pou nou chwazi pou n pa patisipe nan sèten obligasyon, ki pèmèt nou itilize plis resous. Nou itilize opòtinite sa a pou n kòmande divès founiti ak resous sou baz kòmantè manm pèsònèl yo e ki aliye avèk divès priyorite lekòl nou an</li> </ul>

<p><i>fè pati ekip enplemantasyon an, e èske y ap pote yon pwennvi ekite avèk yo ?</i></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Peye vrè salè- sa pèmèt nou yon opòtinite pou n resevwa rekonsilyasyon bidjetè pou n distribye divès fon pou divès materyèl tou</li> </ul> <p>Pa gen youn nan bagay sa yo ki afekte distribisyon bidjè a ki sot nan men distri a.</p>
<p><b>7. Kontrandi ak Kominikasyon</b> <i>Se kòman n ap evalye e dokimante enpak yo, epi kominike yo bay pati enterese yo ? Kilès k ap responsab ?</i></p>	<p>Enpak travay sa a ap reflete nan :</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- Divès Objektif Anyèl Mezirab selon Plan Inovasyon an</li> <li>- Kwasans ak akonplisman elèv yo nan : <ul style="list-style-type: none"> <li>- Evalyasyon MAP la</li> <li>- Divès Evalyasyon Pwovizwa</li> <li>- Egzamen MCAS yo</li> <li>- Divès Done Prezans</li> </ul> </li> </ul> <p>Done yo pataje konstaman avèk Konsèy Administrasyon an, Ekip Lidèchip Ansèyman an, ak Konsèy Paran an, pandan n ap itilize pwogram Tab Won Ekite a</p>